



MANAMATIRO

Chidzido 7 cha Chivabvu 16, 2026

“Uimbai naye nguva
dzose, imi vanhu;
Zururai mnyoro yenyu
pamberi pake;
Mnjari ndiye vutiziwo
bgedu”



(Mapisarema 62:8)



Pauro anotirayira kuti tirambe “tichinyengetera nguva dzose” (VaEf. 6:18), kunyange kana hupenyu hwatiomera; kunyangwe nguva ikapfuura uye tikasaona mhinduro kuminamoto yedu.

Mumamiriro ezvinhu akadai, minyengetero yaEria naHana ichatibatsira nokutikurudzira.

Asi tinofanira kunyengetera sei? Chii chatinofanira kukumbira?
Tinofanira kunyengetera toga here kana kuti nevamwe?
Munyengetero unotibvumira chete kutaura naMwari here, kana kuti unotibvumirawo kumuteerera?



Minamoto munguva dzakaoma:



Eria: Munamoto mukati medambudziko



Hana: Mhinduro isingafi yakauya



Mienzaniso yeminamoto:



Jesu: Zvinofanirwa kuva mumunamoto



Danieri: Chimiro chemunamoto



Mibvunzo mina pamusoro pemunamoto



MINAMATO
MUNGUVA
DZAKAOMA

ERIA: MUNAMATO MUKATI MEDAMBUDZIKO


"Iye akati, 'Ndakanga ndicishingairira Jehova Mhari wehondo kwazo, nokuti vana vaIsraeri vakarasha sungano yenyu, vakaputsa artari dzenyu, nokuburaya vaprofitu venyu nomunondo; ini, ini ndoga, ndasara hangu; zino votsaka kundiburaya.' " (1 Madzimambo 19:10)



Mwari anopindura sei minamoto yedu tiripakati pedambudziko?

Mushure memunamoto wakareruka kubva kuna Eria, Mwari akabva apindura chiriporipotyo nemoto (1 Madzimambo 18:36-38).

Mushure meminamoto minomwe yekukumbira mvura, Mwari akatumira gore diki rakashanduka rikava dutu rine simba (1 Madzimambo 18:42-45).



Eriya paakakumbira rufu, Mwari akaramba akanyarara, asi akatuma ngirozi yake kuti imupe zvokudya(1 Madzimambo 19:4-8).



Ari mubako, Eriya akazonzwa inzwi raMwari richipindura munyengetero wake wepamwoyo(1 Madzimambo 19:9-18).

Imwe mhinduro yaive yekukurumidza uye yechishamiso. Imwe, mushure menguva nomwe dzemunamoto, yakatumira mvura yakakumbirwa. Pakupedzisira, mushure memazuva 40, mhinduro yemuromo uye inokurudzira. Mwari anoziva nzira uye nguva yokupindura mune mamwe nemamwe yemamiriro edu ezvinhu.



HANA: MHINDURO ISINGAFI YAKAUUYA

"Ndakakumbira mjana uyu, Jehova akandipa candakakumbira kwaari." (1 Samuiri 1:27)

Munyengerero waHana nokuda kwomwana unoratidzika somunyengerero unopindurwa nokukurumidza naMwari (pashure pemwedzi mipfumbamwe yokumirira nomufaro,eheka) (1 Sam. 1:9-20).



Zvisinei, patinoverenga ndima dzapfuura, tinoona kuti mhinduro iyi yakatora nguva yakareba kuti isvike (1 Sam. 1:1-8).

Penina, mumwe mudzimai waErikana, aiva ne“vana”—kureva kuti, mwanakomana anopfuura mumwe—uye “gore negore” ainetsa Hana nokuti Mwari akanga asina kumupa vana.

Kubva pamaonero aya, makore mangani Hana akapedza achikumbira mwana asina mhinduro?

Dzimwe nguva, kunyarara kwaMwari kungakonzerwa neudyire hwedu (Jakobho 4:3); chivi chinodiwa (Pisarema 66:18); kusava nokutenda (Jakobho 1:6); kana kuti, haisi nguva yakakodzera.

Chero zvazvingava, Mwari anoona mufananidzo wose uye anoziva zvakatinakira (Jeremia 29:11). Iye nguva dzose achapindura, munguva Yake amene uye nenzira Yake amene, munyengetero unopiwa mukutenda (1 Johani 5:14-15).



MIENZANISO YEMINAMATO



JESU: ZVINOFANIRWA KUVA MUMUNAMATO

“Zino imi nyengeterai kudai: 'Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe' ” (Mateo 6:9)



Kuita minyengetero mirefu
neinodonongodza kuti tiyevedze
uye irumbidzwe nevateereri
haisiyo nzira yomunyengetero
yatakadzidziswa naJesu
(Mt. 6:5-8).

Minyengetero yedu inofanira kuva
yechokwadi uye yakapfava,
mumutauro wezuva nezuva.
Munyengetero chinhu chinokosha
muupenyu hwedu.



“Dzidza kunyengetera muchidimbu uye zvakananga papfundo racho,
uchikumbira chaizvo zvaunoda. Dzidza kunyengetera zvinonzwika apo
Mwari chete ndiye anogona kukunzwa. Usaita minamoto
yekunyepedzera, asi yechokwadi, mikumbiro iri kuratidza nzara
yemweya yeChingwa cheHupenyu..” -Non-Official translation by Gift
Mawoyo (E.G.W. “Our high Calling”, May 4)





JESU: ZVINOFANIRWA KUVA MUMUNAMATO



Uyu ndiwo muenzaniso womunyengerero watakapiwa naJesu:

“Baba uedu uari kudenga”

Tinofanira kuziva Hukama hwedu pachedu naBaba vevanhu vose

“Zita renyu ngarikudzwe nouutşene”

Kuziva kuti hutsvene hwaMwari kunotisededza pedyo naye noruremekedzo

“Dushe bgenyu ngabguuuye”

Ngatishuve kudzoka kwaJesu

“Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezakunoitwa kudenga”

Ngatibvumei huchangamire hwohumwari ndokukumbira kuti kuda kwaMwari kuitwe muhupenyu hwedu uye munyika

“Mutipei nhasi zokudya zedu zinatiringana”

Ngatikumbirei zvatinoda kuti tirarame, zvose panyama nepamweya

“Mutikanḡanwirei mhoşa dzedu sezatinokanḡanwira uo uanemhoşa nesu”

Tinofanira kutendeuka, totsvaka kukanganwirwa, uye kukanganwira avo vakatitadzira, sezvatinokanganwirwa naMwari

“Regai kutiisa pakuidzwa, asi mutirwirei panowakaipa”

Ngatikumbirei dziviro nepekuvanda pane zvakaipa zviri munyika ino

“Nokuti ushe ndobgenyu, nesimba, nokubginya, nokusingaperi. Amen”

Ngatibvume kuti zvese zvatiri, zvatiri, nezvatinoita ndezvaMwari. Iye ega ndiye akakodzera kukudzwa nekurumbidzwa

DANIERI: CHIMIRO CHEMUNAMATO

“Ndikarinzira ciso cangu kunaShe Mhari, ndikamutsaka nokunyengerera nokukumbira, nokuzinyima zokudya, namasaga namaḍota”
(Danieri 9:3)

Munyengerero wakanyorwa muna Dhanieri 9:4-19 unotipa zvikamu zvina zvinokosha zvomunyengerero:

Rumbidzo
(Dan. 9:4)

Zvikumbiro
(Dan. 9:16-19)

Kureurura
nekanganwiro
(Dan. 9:5-15)


Kutenda
(VaFi. 4:6)



Danieri akadimbirwa naGabrieri asati apedza munamato wake (kutenda).

Uyu muenzaniso unoshanda kuminyengerero yedu yepachivande neyepachena. Sezviri pachena, chikamu che“kureurura nekanganwiro” chinofanira kushandurwa kuteera munyengetero

Ichi chimiro chinotibatsira kunangidzira munyengetero kuna Mwari, kuchidzivisa kuva rudzi rwe“ndaza yokutenga” inobva mudura rohumwari.





MIBVUNZO MINA
PAMUSORO
PEMUNAMATO

Nei tichifanira kunyengetera kana Mwari achitoziva zvose?

Munamato unotikwidziridza kuchigaro chaMwari uye unotimanikidza kuti tizviongorore uye tifunge patsva hukama hwedu Naye mazuva ese

Kunyange tikasaziva zvekutaura, Mweya Mutsvene anotibatsira(VaRom. 8:26).



Tinonyengetererei kana zvinhu zvose zvakanaka?

Ngirozi dzisina kutadza dzinonamata Mwari nguva dzose. Ko isu?

Kufunga kuti hatidi Mwari nekuti zvinhu zvese zviri kutifambira, kudada



Ndonamata nani?

Zvichienderana nenguva:

- 1. Pakuva wega. Ndipo apo munamato wedu unova wepedyo zvikuru.**
- 2. Nemhuri kana mumapoka madiki.**
- 3. Musangano.**



Ndoteerera sei?

Nzira yakajeka uye yakakotsekana yekuita izvi ndeyekubatanidza munyengetero nekudzidza Bhaibheri, tichidzivisa kubvisa pfungwa dzedu kana kungozviteerera isu pachedu.



“Pfungwa yakadzama yechido chikuru chezvinhu zvatinokumbira zvinofanira kuratidza minamoto yedu, zvikasadaro haizonzwi. Asi isu hatifanirwe kuneta nekumisa zvichemo zvedu nekuti mhinduro haigamuchirwe nekukasika. “vusha bgo kudenga bgunopambga, vapambi vanobgutora nesimba” (Mateo 11:12). Chisimba chinorehwa pano ichokwadi chitsvene, sechakaraidzwa naJakobho. Hatifanire kuedza kuzvisimudzira mukunzwa kwakadzama, asi zvakadzikama, tichishingirira, tinofanira kumanikidzira zvikumbiro zvedu pachigaro chenyasha. Basa redu nderekuninipisa mweya yedu pamberi paMwari, tichireurura zvivi zvedu, uye nokutenda tichiswedera pedyo naMwari.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo